Oqıwshılar pikirlewge analiz etiwge úyretiledi. Oqıwshı pikiri tuwrı yamasa tuwrı emes ekenligi talqılaw júritiwde sheshiledi, talqılaw júritiw túsindiriw menen aralasıp ketiwi múmkin.

Analiz etiw, ulıwmalastırıw, sistemaǵa salıw, dodalaw usılları bayanattıń eń áhmiyetli táreplerin dúzedi.

Oqıtıwshı bayanat teması menen birge onı bayan etiw rejesin de xabardar etedi. Geyde bayanat rejesin bayanat etiw dawamında da xabardar etip barıwı múmkin. Oqıtıwshı oqıwshılardıń dıqqatın bayanattıń ideyalıq, siyasiy hám ádep-ikramlılıq tárepten áhmiyetli bolǵan táreplerine qaratadı. Oqıwshılardıń biliw belsendiligin aktivlestiriw, olardıń dıqqatın bayanattıń áhmiyetli táreplerine qaratıw maqsetinde sorawlar berilip barıladı. Mektep bayanatı bayan etilgen material júzesinen juwmaqlaw sáwbeti menen tamamlanadı [1].

Baslawish tálim ana tili sabaqlarında oqıwshılardı erkin pikirlew hám dóretiwshilikke úyretiwde kórgizbeli qurallardan paydalanıw oqıwshılarda ótilip atırǵan tema boyınsha anıq túsinik payda etedi, oqıwshılardıń esitiw iskerligine kóriw hám seziw organlarınıń iskerligi de qosıladı. Usı menen birge olardıń bilimi jánede tereńlesedi, bekkemlenedi.

Kórgizbeli qurallar oqıwshılardıń ana tilin oqıtıw metodikası páni túsiniklerine anıqlıq kirgiziw hám bul túsiniklerin konkretlestiriwge járdem beredi.

Kórgizbeli súwretler fakt hám hádiyseleriniń ishki mazmunın da ashıp beredi.

Kórgizbeli qurallar oqıwshılarda ana tilin oqıtıw metodikası páni túsiniklerin qáliplestiriwge, olardıń teoriyalıq nátiyjeler hám ulıwmalasqan juwmaqların sociallıq rawajlanıwınıń tiykarǵı nızamların, óz-ara baylanısların jaqsıraq túsinip alıwlarına járdem beredi, sonday-aq, oqıwshılardı estetikalıq tárepten tárbiyalawdıń áhmiyetli qurali bolıp xızmet etedi.

Kórgizbeli usılı:

a) ana tilin oqıtıw metodikası páni tiykarǵı dereklerinen biri bolıp xızmet etedi;

b) oqıw materialınıń bilim-tárbiya wazıypaların tabıslı ámelge asırıwda xızmet etedi;

v) oqıtıwshı bayanınıń anıq, obrazlı hám sezimli bolıwına járdem beredi;

g) oqıwshılardıń oqıw materialın úyreniwge qızıǵıwshılıǵın asıradı hám olardıń biliw iskerligin aktivlestiredi.

d) oqıtıwshınıń bayanın hám onıń sabaqta qollanǵan basqa oqıw usılların oqıwshılardıń túsinip alıwın jeńillestiredi;

e) oqıwshılardıń pikirlew iskerligin hám dóretiwshilik iskerligin ósiredi;

j) oqıwshılar biliminiń konkret, tereńirek hám bekkemlew bolıwına járdem beredi.

Kórgizbeli qurallar óziniń mazmunı, tayarlaw texnikası hám paydalanıw usıllarına qaray tómendegi túrlerge bólinedi:

1) Úskeneler (buyım) kórgizbelilik: arxitektura estelikleri, imaratlar, múlik, qımbat bahalı qaǵazlar hám basqalar;

2) Súwretli kórgizbeler: albomlar, súwretler, diafilm, kinofilm, video kórinisler hám basqalar.

3) Shártli kórgizbeli qurallar: sızılmalar, tekstler hám basqalar.

Ana tilin oqıtıwda oqıw filmlerinen paydalanıwdıń tómendegi tiykarǵı usılları usınıs etiledi:

–Oqıtıwshı óz bayanın oqıw filminiń eń áhmiyetli, eń anıq kadrlardı kórsetiw menen baylanıstırıp alıp baradı.

– 10-15 minutlı qısqa oqıw filmlerine baǵıshlanǵan sabaq ótiledi.

– Arnawlı kino sabaǵı shólkemlestiriledi.

– Sabaqtan tısqarı waqıtta film tamasha etiledi.

Oqıwshılardıń oqıw ámeliy iskerligi awızeki hám kórgizbeli oqıtıw usılı menen baylanıslı hár qıylı tapsırmalardı orınlawları dóretiwshilik izertlew isleri hám basqalardan ibarat.

Solay etip, tálim processiniń nátiyjeliligin asırıwda hám baslawısh klaslarda ana tilin oqıtıw metodikasında hár qıylı metodlar járdeminde oqıtıwda, oqıwshılardıń bekkem teoriyalıq bilim, iskerlik, kónlikpe hám tájiriybelerin bekkemlew, onıń kásiplik sheberlikke aynalıwın támiyinlew maqsetinde oqıtıw processinde jańa usıllardan paydalanıw dáwir talabı hám sociallıq zárúrlik sıpatında kún tártibine qoyılmaqta.

Baslawısh klaslarda ana tilin oqıtıw metodikasında túrli usıllar arqalı oqıtıwda jańa pedagogikalıq texnologiyanı engiziw arqalı oqıwshılarda erkin pikirlew hám dóretiwshilik qábiletleriniń rawajlanıwına erisiledi.Baslawısh klaslarda ana tilin oqıtıw metodikasında túrlishe metodlar arqalı oqıtıw – tálim processi kámil insan hám bilimli oqıwshını tárbiyalaw haqqındaǵı sociallıq buyırtpanıń orınlanıwınıń sıpat kórsetkishine iye bolıwına alıp keledi.

**Ádebiyatlar**


1. Embergenova M.«Qaraqalpaq tilin oqıtıw metodikası». 4-klaslar ushın oqıw metodikalıq qollanba. –N.: «Qaraqalpaqstan», 2013.
2. Qosimova K., Matchonov S., G`ulomova H., Yo`ldosheva Sh., Sariyev Sh.«Ona tili óqitish metodikasi». –T.: «Noshir», 2009.
3. Pirniyazov Q. «Baslawısh klaslarda qaraqalpaq tilin oqıtıw metodikası». -Nókis: «Bilim». 1993.



**REZYUME.** Ushbu maqolada boshlang‘ich sinflarda ona tili darslarida o‘quvchilarni mustaqil fikrlashga o‘rgatish usullari, o‘qitishdagi zamonaviy texnologiyalar, ularning boshqa fanlar bilan aloqasi, o‘qitish samaradorligini oshirish bo‘yicha fikrlar bayon etilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье представлены методы обучения учащихся самостоятельному мышлению на уроках родного языка в начальных классах, современные технологии в обучении, их связь с другими дисциплинами, мнения о повышении эффективности обучения.

**SUMMARY.** This article presents the methods of teaching students to independent thinking in the lessons of the native language in classes, modern technologies in teaching, their connection with other disciplines, ideas on how to increase the effectiveness of teaching.


## OQÍTÍWSHÍNÍŃ ORATORLÍQ HÁM SÓYLEW MÁDENIYATÍN RAWAJLANDÍRÍW JOLLARÍ


**A.J.Kossheterova** – *magistrant*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so‘zlar:** notiqlik san’ati, o‘qituvchining nutq madaniyati, notiqlik tushunchasi, notiqlik madaniyati tarixi,

**Ключевые слова:** ораторское искусство, культура речи учителя, понятие ораторского искусства, история ораторской культуры,

**Key words:** oratory, teacher's speech culture, oratory concept, oratory culture history.


Turmısımızda insanlar ara qatnas júdá bir tereń, júda bir názik máselelerden biri bolıp tabıladı. Insanlar bir-biri menen sáwbetlesiw barısında hár túrli mimikada hám minez qulqta sóylesedi. Respublikamızda oqıtıwshılardıń mánáwiy jetik, kásiplik sheberliklerin asırıwǵa úlken itibar qaratılǵan. Sol tiykarda prezidentimiz Sh.M.Mirziyoyev “Álbette biz Jańa Ózbekstandı qurıw hám Úshinshi Renessans tiykarın jaratıwda zıyalılarımızǵa úlken isenim menen qaraymız” —dep atap ótedi. [1]. Haqıyqatında da prezidentimiz aytqanınday biz hár bir tarawda meyli ol isbilermenlik bolsın, meyli tálim tarawı bolsın, mámleketlik shólkemler bolsın hár biriniń rawajlanıwında zıyalılarımızdıń ornı ayrıqsha desek adasqan bolmaymız.

Húrmetli birinshi Prezidentimiz I.A.Karimov Ózbekstan Respublikası Oliy májlisiniń 1997-jıl 29-avgusttaǵı IX sessiyasında sóylegen bayanatında «Óz pikirin ana tilinde erkin, taza, shırayli hám anıq jetkerip bere almaytuǵın qánigeni yaǵnıy baslıq orındıǵında otırǵanlardı búgin

túsiniw hám aqlaw qıyın» degen edi. [2].

Oqıtıwshı – bul ózine úlken juwapkershilikti alǵan, oqıwshılardı kishkene waqtınan baslap insanıylıq paziyletlerge iye bolıp jetilisiwine tiykar jaratıwshı shaxs bolıp esaplanadı. Oqıtıwshı degende biziń kóz aldımızǵa ótkinshi sezimlerge berilmiytuǵın, óziniń mápin oylamay, kewilleri misli aq qaǵazday oqıwshılarına bilim sırların úyretiwdi abzal kóriwshi kásip iyeleri sáwlelenedi. Búgingi künde jas áwladtıń tálim-tárbiya alıwında, olardıń óz watanına súyispenshilik ruwxında tárbiyalanıwında oqıtıwshınıń sóylew mádeniyatı úlken orın iyeleydi. Ásirese baslawısh klass oqıtıwshısı qanday bolıwı, nelerge itibar beriwi kerekligi haqqındaǵı máselelerdi atap aytatuǵın bolsaq:

Oqıtıwshı eń aldı menen óz qánigeligi boyınsha tereń bilimge iye bolıwı, onıń ishki hám sırtqı gozzallıǵı, kiyiniwi, ózin uslay biliwi, álbette sóylew mádeniyatına da iye bolıwı tiyis. Oratorlıq mádeniyatına biziń eramızǵa shekemgi VII ásirde Greciyada tiykar salınǵan. [3]. Áyyemgi Greciyada balalarǵa bilim beriw filosoflarǵa júkletilgen. Olar oratorlıq mádeniyatınń jetik wákili bolıp ózleriniń shıraylı sózleri, bálent hám tásirli dawısları menen adamlardıń oy hám sanasına kirip barǵan, tálim hám tárbiyada úlken jetiskenlerge erisken. Sonıń sebebinen oratorlıq hám sóylew mádeniyatı teoryası hám onıń tárbiyalıq áhmiyetine dáslep áyyemgi Greciyada tiykar salınǵanlıǵı ilimiy ádebiyatlarda aytıladı. Biziń eramızǵa shekemgi V ásir Greciyada "Oratorlıq mádeniyatı"nıń eń jetilisken hám rawajlanǵan dáwiri esaplanǵan. Al, Orta Aziyada bolsa, sóylew mádeniyatı "Quran" menen baylanıslı bolǵan sózler quraǵan. Bul dáwirde oratorlıq mádeniyatında tómendegi úsh nızamlıqqa itibar berilgen:

– tıńlawshıǵa túsindiriw (belgili bir oy-pikirdi);

– tıńlawshınıń oylaw dárejesin rawajlandırıw (pikirin, sanasın, maqsetin);

– tıńlawshını ózine tartıw.

Oratorlıq mádeniyatı bul nızamlıqlarǵa ámel qıla otırıp "tıńlawshılarǵa xosh keypiyat baǵıshlaw" arqalı adamlardı jaqsı islerge, ádalatlılıqqa, watan aldındaǵı minnetine shın kewilden berilgen bolıwǵa , eń jaqsı insanıy páziyletlerge ámel etip, olardı orınlawǵa, ádep- ikramlılıq hám etika qaǵıydalarına ámel etiwge úyretedi. Bul olardıń tiykarǵı wazıypaları esaplanadı. Oratorlıq mádeniyatın tereń iyelegen, ózleriniń gozzal hám shıraylı sóylewi hámde ayrıqsha dóretpeleri menen jámiyette húrmet hám itibarǵa erisken Sokrat, Platon, Giperid, Gorgiy, Isokrat, Isey Demosfen , Tsitseron, Dinarx, sıyaqlı wákiller Greciyanıń ataqlı oratorları bolıp jetilisken. Grek alımları awızsha sóylewdiń forma hám nızamlıqların, oy-pikir hám tastıyıq sıyaqlı logika ilimi qaǵıydaların tereń ózlestirgen. Ataqlı filosof Sokrat (eramızdan aldıńǵı 456-399 jıllar) oqıwshılarǵa tálim-tárbiya beriwde soraw-juwap usılın ámelde qollanıp, bul usıl arqalı sáwbet metodına tiykar salınǵanlıǵı hámmege belgili. Sokrattıń shákirti Platon bolsa óz ustazı pikirlerin dawam ettirip, soraw-juwaptı oratorlıq mádeniyatınıń bir forması sıpatında jánede bayıttı hám de onı insan sanasına, dúnyaǵa kóz qarasın awızsha sóylew menen bayıtıwshı kem ushıraytuǵın usıl retinde bahaladı. B.N.Golvin óz sózinde: "Sóylew mádeniyatı-insanlardıń óz ara tolıq hám tereń pikirlewi ushın tildiń barlıq imkanıyat hám quralların puxta iyelewi"-degen edi. [4]. Haqıyqatında da , insanlardıń óz ara pikirlesiwi, óz pikirin anıq bayan etiwinde sóylew mádeniyatı áhmiyetli orın iyeleydi. Shıǵıs oyshılları medrese oqıtıwshılarınıń qarım-qatnasqa kirisiw ádebi haqqında kóplegen pikirler aytıp ótken. Kayqawıs, Axmet Yugnakiy, Abu-Rayhon Beruniy, Maxmud Qashqariy , Al-Xorezmiy, Yusuf Has Hajib, Abdurahman Jomiy, Alisher Nawayı sıyaqlı ullı babalarımız sóylew ádebi máselelerine, ulıwma oratorlıq hám sóylew sheberligin jetilistiriwge ózleriniń salmaqlı úlesin qosqan. Kayqawıs tárepinen jazılǵan «Qabusnama» da sóylew ádebi hám mádeniytı haqqında hikmetli pikirler aytılǵan. Kayqawıs perzentine bergen násiyatı arqalı oqıwshını jaǵımlı, álpayım orınlı sóylewge, kereksiz nárselerdi sóylemewge shaqıradı: «Ey perzent , eger sen hár qanday orator bolsańda, ózińdi bilimlilerden tómen tut, sóylesiw waqtında júziń tómen bolıp qalmasın. Kóp bil, az sóyle, kem bilseń kóp sóyleme, sebebi aqılsız kisi kóp sóyleydi, tınısh otırıwda danalıq belgisi. Kóp sóyleytuǵın sanalı adamdı da, xalıq aqılsız deydi»- dep uqtıradı [5].

Oqıtıwshı sabaqtı mehr menen ótiwinde, sóylew mádeniyatı oǵada áhmiyetli. Sebebi oqıtıwshınıń sabaq ótiwge qızıǵıwshılıǵı bolmasa, sabaqtı túsindiriw barısında dawıs tolqınında ózgerisler bolıwı múmkin. Oqıtıwshınıń sóylew mádeniyatınıń jetilistiriw máselesin sóz etkenimizde, bul taraw boyınsha bir neshe baǵdarlar bar ekenligin kóriwimizge boladı:

1. Oqıtıwshınıń óziniń sóylew mádeniyatın mudamı analizlep hám jetilistirip barıwı.

2. Sóylewdiń barlıq jaǵdaylarında durıs, ádebiy til qaǵıydasın ózine sińdiriwi.

Sóylew mádeniyatın jetilistiriw degende-adamnıń sóylew mádeniyatın mudamı tereń hám hár tárepleme úyrenip, taza ádebiy tilde sóylewdi ádetke hám talapqa aylandırıw qábiletin rawajlandırıw názerde tutadı. Sóylew mádeniyatı – házirgi dáwirdegi til biliminiń ózine tán tarawı bolıp tabıladı. Tilimizde belgili bir ádebiy norma sıpatında qáliplesetuǵın hám tap usı formada qabıl etiw usınılǵan til birlikleriniń ayrım jaǵdaylarda itibarǵa alınbawı, buzılıwı geypara til birliklerin qollanıwda belgili bir normalardıń anıqlanbaǵanlıǵı sóylew mádeniyatın úyreniw máselesin ortaǵa qoyadı. Sóylewde ushırasatuǵın nuqsan hám kemshilikler, olardı saplastırıw, sóylew mádeniyatın bunnan bılayda rawajlandırıw ulıwma xalıqlıq máselege aylandı. Demek,

1) Oqıtıwshı sóylew mádeniyatı óz qáliplesiw tarıyxına iye.

2) Sóylew mádeniyatı máselesi pedogogika ilimiy kóz qarasınan da úyreniledi.

3) Oqıtıwshınıń sóylew mádeniyatı- til iliminde óz aldına arnawlı taraw.

4) Sóylew mádeniyatı hár qanday peagogtıń, sonıń ishinde baslawısh klass oqıtıwshılarınıń baslı tálim-tárbiya quralı bolıwı kerek.

Oqıtıwshınıń sóylew mádeniyatı tiykarınan, waqıyalıq xabarlarǵa baǵdarlanǵan bolsa sóylewi, minez-qulq strukturasına: xabar almasıw mánzilleri subekt ham obekt, maqset hám mazmunın, sóylewde qollanılatuǵın til hám tilsiz (bet-álpet, dene músheleri, mimika) qurallar kiredi. Oqıtıwshınıń sóylewi, minez-qulqı, onıń tek sóylew ádebinen ǵana emes, al oqıwshılar menen mádeniyatlı, óz ara sıylasıqlı adamgershilikli qarım-qatnası menen baylanıslı bolıp, birge islesiwdiń subekti retinde, bala menen qanday qarım-qatnasta bolıwı kerek ekenligin kórsetedi. Oqıtıwshınıń sóylew mádeniyatı oqıwshıǵa belgili bir qatnastı talap etip, óziniń mazmun hám formasına iye boladı. Mısalı, balanı qandayda bir oqıw islerine qosıw, másláhát beriw, úlgi kórsetiw, talap etiw hám basqada jollar menen iske asırılıwı múmkin. Eger sóylew mazmunı tiykarınan, pedagogikalıq maqsetler menen baylanıslı bolsa, múnásibetler belgili bir funkcional mazmunǵa iye bolıp, óz ara húrmet, isenim hám doslıq maqsetke qaratılǵan boladı. Oqıtıwshınıń sóylew mádeniyatı pedagogikalıq kategoriya bolıp, oqıwshınıń bilim alıwı, tárbiyalanıwı hám rawajlanıwına baǵdarlanǵan kásiplik miynetiniń ajıralmas bólegi bolıp tabıladı. Tilekke qarsı jaqınǵa shekem pedagogikada oqıtıwshınıń didaktikalıq sóylewi, sabaqtı túsindiriw sheberligine ǵana dıqqat awdarıp, onıń óz ara qarım-qatnas barısındaǵı mámile múnásibetler dep atalıwshı áhmiyetli táreplerine itibar qaratılmadı. Tálim-tárbiya jumıslarınıń nátiyjeliligi oqıtıwshınıń óz pánin tereń biliwi, sabaǵın shólkemlestiriwi hám túsindire alıwı menen ǵana emes, al onıń oqıwshılar menen qay dárejede ulıwma til tabısıp, durıs qarım-qatnas

ornata alıwına da baylanıslı. Oqıtıwshınıń sóylew mádeniyatı bolmasa, onıń oqıwshıları aldındaǵı abıroyı tómenlep, tárbiyalıq tásir kúshi azayadı. Sol sebepli, pedagog pedagogikalıq baǵdar alıwshılıq xızmetine hám tálim-tárbiyalıq birge islesiwde atqaratuǵın ózine tán ózgesheliklerin bilip alıwı zárúr. Oqıwshılardı sabaq barısında márápatlaw arqalı da kóplegen jetiskenliklerge erisiwge boladı. Biraq ayrım oqıwshılar márápatlawdı qáte túsinip, sabaqqa biyparwa bolıp qalıwı da múmkin. Sebebi, oqıwshıǵa sen bunı bileseń, túsineseń, sen ushın bul qıyın emes sıyaqlı sózlerdi kóp aytsaq, oqıwshıda men hámmesin bilemen degen túsinik qáliplesip, átirapındaǵılardan ózin joqarı qoyıw sezimi payda bolıwı menen birge sabaqqa bolǵan qızıǵıwshılıǵı páseyip baradı. Márápatlawdıń unamlı tárepi bolsa, oqıwshılarda óz kúshine, qábiletlerine isenim, oqıwǵa hám jaqsı bolıwǵa iytermelewshi kúsh payda etedi.

Juwmaqlap aytqanımızda, baslawısh klass oqıtıwshılarınıń sóylew mádeniyatı jaqsı hám durıs qáliplesiwi ushın oqıtıwshılar óz ústinde izlenip barıwları lazım. Sóylew mádeniyatı degenimiz social-insaniylıq mádeniyattı sáwlelendiriwshi ayna desek qátelespeymiz. Sóylew mádeniyatın saqlap qalıwımız ushın biz sheshenlik óneri sırların úyreniwimiz, ádebiy kitaplardı kóbirek oqıwımız, óz pikirimizdi jetkerip beriwde til bilimi qurallarınan maqsetke muwapıq paydalanıwımız, barlıq taraw xızmetkerleri ushın turmıs zárúrligi bolıp tabıladı. Oqıtıwshınıń sóylew mádeniyatı pedagogikalıq kategoriya bolıp, oqıwshınıń bilim alıwı, tálim-tárbiyası da usı sóylew mádeniyatınan kelip shıqqan halda ámelge asıraladı.

**Ádebiyatlar**

1.Mirziyoyev SH.M. Yangi O`zbekiston strategiyasi. –T.: 2021.
2.Omonov H.T, Xodjayev N.X, Madiyarov S.A, Eshhanov E.U. Pedagogik texnologiyalar va pedagogik mahorat. –T.: 2009. 178-b.
3.Xoliqov A. Pedagogika mahorat. –T.: «Iqtisod-Moliya», 2010.
4.Xoliqov A. Pedagogika mahorat. –T.: «Iqtisod-Moliya», 2011. 166-b.
5.Kayqovus. Qobusnoma. (Forischadan Muxammad-Rizo Ogahiy tarjimasi) S.Dolimov. –T.: «O`qituvchi», 2006.

**REZYUME.** Maqolada o'qituvchining notiqlik va nutq madaniyatini rivojlantirishga qaratilgan tushunchalarningmazmuni, nazariy asoslari, tahlillari keltirib o`tilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье представлены содержание, теоретические основы и анализ концепций, направленных на развитие красноречия и культуры речи учителя.

**SUMMARY.** The article are presented the content, theoretical foundations, and analysis of the concepts aimed at developing the teacher's eloquence and speech culture.

## CHALLENGES ESP TEACHING IN MIXED-ABILITY CLASSES

**S.Kurbaniyazova** - *foreign languages department*
*Nukus state pedagogical institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so'zlar:** muammolar, turli darajali, motivatsiya, inglis tili chet tili sifatida, yondashuv, kommunikativ kompetensiya, baholash.

**Ключевые слова:** проблемы, разноуровневый, мотивация, английский язык как иностранный, подход, коммуникативная компетенция, оценка.

**Key words:** challenges, mixed-ability, motivation, English for specific purpose, approach, communicative competence, assessment.

Working as a teacher of English in mixed-ability classes is one of the biggest challenges for ESP (English for Specific Purposes) teachers. The teacher has to face 25-30 students at a time who are not all alike when it comes to learning any more than they are alike in size, personality, hobbies or likes and dislikes. The teacher meets these mixed-ability classes each day. Mixed-ability classes means classes where students differ greatly in ability, motivation for learning English, needs, interests, educational background, styles of learning, anxiety, experiences and so on (Ainslie, 1994). All teachers have to face the challenge of mixed-ability classes because, according to Tomlinson (1999), Berry & Williams (2002) and Shank (1995), all ESP classes are multi-level, even those not officially designated as such: for example, one student may be strong in speaking skills while another strong in reading. Some classes can be more multileveled than others and therefore more challenging for the teacher, but all classes are mixed-ability classes.

Baker (2002) argues that it is not just the fact that there are many students in a class, but that all of them are at so many different ability levels that provides the biggest challenge. She further claims that in mixed-ability classes it can be difficult to keep the attention of all students. Their motivation can be poor and the teacher can feel frustrated because he/she does not have enough time to help the weaker students. In addition to the above mentioned challenges students have their own way of learning, and the weaker ones probably have more difficulties working in a noisy atmosphere since they are usually more easily distracted (Kelly, 1974). A mixed-ability class can seem uncooperative, the students can get bored easily and this can cause commotion in the classroom. Planning the lesson and making work-material can take too much time for the teacher and the planned material is often too easy or too difficult for the students. This may make the teacher feel inadequate and unable to cope with the class (Hess, 2001). Since course books are always homogenous – aimed at one kind of learner with no options or flexibility, it is necessary to adapt materials to the needs of all learners. A huge problem that we must not forget, according to Bowman (1992), is the teacher's unawareness of the need for a new approach to deal with the mixed-ability class. The use of pair and group work is essential if you are to involve all the members of the class. A fundamental technique here is the use of questionnaires and interviews. By pairing off the weaker and stronger students and by involving both in the preparation and implementation of the questionnaire you should ensure maximum participation of all the students. You can then get the weaker students to interview their stronger peers and vice-versa. Of course, this may be frustrating for the stronger students, but if they are able to see their role as that of 'helper', or even mentor, it may also have a positive effect.

Tomlinson (1999) argues that grouping students into one "slow" and one "fast" separate class has been researched, and studies show that students do not improve enough to fit into a typical class, and that they stay remedial. There are both positive and negative sides to grouping students. One positive side is that the lesson can be easier to plan and manage in some ways since the teacher does not have such a wide range of abilities to deal with. On the other hand to separate the slow learners can do harm to their social and emotional difficulties because by being placed in a "slow class" they can think of themselves as different, difficult, inferior or other negative terms (Kelly, 1974).

It is important for teachers to create a relaxed, positive atmosphere in the classroom where learners feel confident and able to perform to the best of their ability. There is a strong connection between a good classroom atmosphere and having good behaviour management. This will create a good learning situation. In order to create a good environment it is vital for a teacher to form a good relationship between him/herself and the students. Examples of how to